

### SS.7.C.2.5

*Distenge ki jan Konstitisyon an prezève e limite dwa endividyèl yo.*

**SS.7.C.2.5 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3:** Elèv yo ap itilize senaryo pou egzaminen enpak nan limit dwa moun yo sou konpòtman sosyal.

Lakou Siprèm Etazini an te pran desisyon ke pafwa gouvènman an kapab limite **dwa endividyèl yo**, enkli **libète lapawòl** ak libète laprès. An jeneral, dwe gen yon balans nan dwa endividyèl yo, dwa lòt moun, epi **byennèt komen**.

Men kèk kesyon Lakou Siprèm lan te mande pou deside ant pou limite libète lapawòl ak libète laprès.

- ✓ Danje ki Klè e ki Prezan - Èske lwa diskou sa a ap kreye yon sitiyasyon danre?
- ✓ Mo Konba - Èske lwa diskou sa a ap kreye yon sitiyasyon vyolan?
- ✓ Difamasyon - Eske enfòmasyon sou yon lòt moun fo oswa eske li fè sa ki vrè parèt fo?
- ✓ Kontradiksyon avèk Enterè Gouvènman - Pandan tan lagè gouvènman an ka limite lwa diskou akoz sekirite nasyonal (tankou lè gouvènman an konsène de ke sèten enfòmasyon ka rive jwenn lènmi an).

Lakou Siprèm Etazini an konfime pouwwa Kongrè a pou limite dwa moun nan Schenck vs. US (1919). Nan ka sa a, Lakou Siprèm Etazini an konfime Lwa sou Espyonaj an 1917, ki te limite libète lapawòl pandan **Premyè Gè Mondyal** la. Charles Schenck, Sekretè Pati Sosyalis nan Etazini Damerik, te enprime, epi distribye 15,000 ti liv pou moun ki **anwole pou sèvis militè (moun ki anrejistre pou sèvis selektif)** ankouraje yo pa sèvi nan militè a pandan Premyè Gè Mondyal la. Schenck te diskite ke Lwa sou Espyonaj an 1917 la te vyole Premye Amandman li sou libète lapawòl paske yo te limite sa l te kapab di sou gè a.

Lakou Siprèm Etazini an konfime kondanasyon kriminèl Schenck la paske, li te diskite, Premye Amandman an pa pwoteje diskou ki ta kreye yon "danje ki klè e ki prezan". Nan ka sa a, Tribunal la te deside ke anwole pou sèvis militè ki te refize sèvi nan militè a pandan Premyè Gè Mondyal la, ta menase **enterè piblik** la paske yo tap domaje kapasite peyi a pou defann tèt li.

**anwole pou sèvis militè** – yon moun ki anrejistre pou sèvis selektif ke gouvènman an chwazi pou sèvis militè

**Byennèt komen** – kwayans oswa aksyon ke yo wè kòm yon benefis nan kominate a olye ke se enterè endividyèl, yo konnen sa tou kòm byennèt piblik la

**dwa endividyèl yo** – dwa ki garanti oswa ki pou yon moun

**enterè piblik** – benefis ki komen, benefis jeneral piblik la

**libète lapawòl** – Dwa yon sitwayen pou l pale lib e liben san gouvènman an pa entèfere; Sa a garanti nan Premye Amandeman an

**sèvis selektif** – yon sistèm kote ke gason ki gen 18 jiska 25 kan anrejistre avèk gouvènman Etazini an pou sèvis militè posib

**Premye Gè Mondyal** – yon lagè san rete ant Pouwwa Alye yo (enkli Larisi, Frans, Anpi Britanik, Itali, Etazini, Japon, Woumani, Sèbi, Bèljik, Lagrès, Pòtigal, Montenegro), ak Pouwwa Central yo (enkli Almay, Otrich-Ongri, Latiki, Bilgari); ki te dire de 1914 jiska 1918